

# SL - Extension

## Alternatives Analysis



### Poukisa nap fè analiz sa a?

Anpil rezidan nan zòn Chelsea ak Everett konte sèlman sou transpò piblik pou ale travay, lekòl, ak plis ankò. Sepandan, rezidan yo pa gen menm aksè a transpò rapid, fyab ak lòt kominote yo.

Analiz altènativ ekstansyon Silver Line lan ap etidye benefis, posibilité, ak pri nouvo opsyon wout Silver Line ki ta bay bon jan kalite transpò soti nan Chelsea jiska Everett, epi ale nan Somerville, Cambridge, ak/oswa Boston.

### Nou vle tande de ou!

Objektif bwochi katye sa a se pou enfòme w sou sitiyasyon aktyèl analiz altènativ Nivo 2 a epi rasanble kòmantè ou sou pwojè a.



Massachusetts Bay  
Transportation Authority



# Altènatif ekstansyon SL3

## SL3 Altènatif Ekstansyon konekte


Chelsea ak Orange Line. Yo montre altènativ sa yo sou paj sa a. Toulè twa wout yo swiv menm chemen ki soti nan wout otobis Chelsea ki egziste deja jiska Everett Square, kote chemen yo divize pou rive nan dènye destinasyon Orange Line yo.

**Altènatif wout SL6** konekte Everett ak Chelsea ak Kendall oswa Anba lavil Boston. Yo montre altènativ sa yo sou paj sa a. Yo te make yo kòm SL6 pou endike ke yo ta dwe yon nouvo sèvis separe ak sèvis SL3 ki egziste deja.

\*Kat yo prezante yo se yan reprezentasyon grafik sou wout altènatif ki pwozope yo. Wap jwenn nfòmasyon detaye ki disponib isit la: [mbta.com/sl3](http://mbta.com/sl3)


## Altènatif 2: Chelsea rive Wellington atravè Everett Square

Altènatif 2 kòmanse nan Chelsea Silver Line ak estasyon tren banlye epi li fini nan Wellington, yon Estasyon Orange Line. Li ta fonksyone sou liy otobis ki rezève sou liy tren banlye nan Everett ak sou Upper Broadway, ak nan trafik miks sou Santilli Jonksyon ak Wout 16.




## Altènatif 1: Chelsea rive Malden Center atravè Everett Square

Altènatif 1 kòmanse nan Chelsea Silver Line ak estasyon tren banlye epi li fini nan Malden Center, yon estasyon Orange Line. Li ta fonksyone sou liy otobis ki rezève sou liy tren banlye nan Everett ak sou Upper Broadway, ak nan trafik miks sou Ferry Street.



## Altènatif 3: Chelsea rive Sullivan atravè Everett Square


Altènatif 3, soti nan Chelsea pou rive nan Sullivan, kòmanse nan Chelsea Silver Line ak estasyon tren banlye epi li fini nan Sullivan, yon estasyon Orange Line ak gwo sant transfè otobis la. Prèske tout altènativ sa a ta fonksyone sou liy otobis ki rezève yo, ki gen ladan liy otobis yo sou Lower Broadway, ki ap fèt an kolaborasyon ak Vil Everett, ak liy otobis yo atravè Alford Bridge la.



# Wout Altènatif SL6


## Altènatif 4: Everett rive Kendall atravè McGrath Hwy

Altènatif 4 kòmanse nan Glendale Square nan Everett epi li fini nan Kendall Red Line Station. Li ta fonksyone sou McGrath Hwy, ki gen yon pwoesis rekonsepsyon, epi li ta bay koneksyon ak Liy Vét nan Lechmere ak Liy Orange nan Sullivan. Prèske tout altènatif sa a ta fonksyone sou liy otobis yo rezèvè.




## Altènatif 5: Everett rive Kendall atravè Gilmore Bridge

Altènatif 5 kòmanse nan Glendale Square nan Everett epi li fini nan Kendall Red Line Station. Li ta opere sou Rutherford Ave, ki gen yon pwoesis rekonsepsyon, epi li ta bay koneksyon ak Estasyon Lechmere, Sullivan, ak Community College. Prèske tout altènatif sa a ta fonksyone sou liy otobis yo rezèvè.




## Altènatif 6: Everett rive Boston atravè Rutherford Ave

Altènatif 6 kòmanse nan Glendale Square nan Everett epi li fini nan Haymarket Station. Altènatif sa a ta opere sou Rutherford Ave, ki gen yon pwoesis rekonsepsyon, epi li ta bay koneksyon ak Liy Orange nan Sullivan. Pandan ke pi fò nan altènatif sa a ta itilize liy otobis rezèvè, li ta fonksyone nan trafik miks nan kèk pati nan anba lavil Boston.



## Altènatif 7: Chelsea rive Kendall atravè Everett Square

Altènatif 7 kòmanse nan estasyon Eastern Ave nan Chelsea epi li fini nan Kendall Square. Altènatif sa a ta fonksyone sou McGrath Hwy. epi li ta bay koneksyon ak Lechmere ak Sullivan. Li te fêt pou ofri yon trajè semp nan Chelsea ak Everett nan Kendall. Prèske tout altènatif sa a ta fonksyone sou liy otobis yo rezèvè.





## Kisa kap vini?

Nou ap fè angajman ak sensibilizasyon publik pou ransanble kòmantè kominate a pandan tout otòn lan. Yo pral itilize panse ak opinion ou yo pou eklere analiz nou sou chak altènativ epi li pral ede nou deside sou yon wout altènativ ki rekòmande.

Nou pral òganize yon reyinyon publik nan sezon ivè sa pou pataje rezulta analiz nou yo.

## Nou vle tandé de ou!

Sèvi ak lyen ki anba a  
oswa kòd QR pou  
ranpli fòm kòmantè  
sou entènèt la:

[mbta.com/  
slxfedback](http://mbta.com/slxfedback)



Vizite [mbta.com/slx](http://mbta.com/slx)  
pou aprann plis sou  
pwojè sa a.

Ou gen plis kesyon?  
Imèl nou nan  
[slx@mbta.com](mailto:slx@mbta.com)



Massachusetts Bay  
Transportation Authority

